

M ap li nèt ale

M ap li nèt ale

1^e A.F.

Premye Ane Fondamantal

Liv Lekti

Liv Lekti, 1^e A.F. - 2018



2018



M ap li nèt ale

Premye Ane Fondamantal (1^e A.F.)

Liv Lekti



Materyèl pou eksperimantasyon



2018


Tablo leson

	Paj		Paj
Prezantasyon, fè konesans	6	Leson 43 ak 44 r R	62
Vire paj liv	7	Leson 45 ak 46 y Y	64
Pre lekti	8	Leson 47 Revizyon r R y Y	66
Pre lekti	9	Leson 48 Konbinezon lèt kl kr pr tr	68
Pre lekti	10	Leson 48 Konbinezon lèt kl kr pr tr	69
Pre lekti	11	Peryòd Revizyon Leson 49	70
Leson 1 ak 2 a A	12	Peryòd Revizyon Leson 50	71
Leson 3 ak 4 l L	14	Peryòd Revizyon Leson 51	72
Leson 5 Revizyon a A l L	16	Peryòd Revizyon Leson 52	73
Leson 6 ak 7 i I	18	Leson 53 ak 54 on ON	74
Leson 8 ak 9 p P	20	Leson 55 ak 56 w W	76
Leson 10 Revizyon i I p P	22	Leson 57 Revizyon on On w W	78
Leson 11 ak 12 e E	24	Leson 58 ak 59 ò Ò	80
Leson 13 ak 14 n N	26	Leson 60 ak 61 b B	82
Leson 15 Revizyon e E n N	28	Leson 62 Revizyon ò Ò b B	84
Leson 16 ak 17 m M	30	Leson 63 ak 64 v V	86
Leson 18 ak 19 an AN	32	Leson 65 Konbinezon lèt br vr bl vl	88
Leson 20 Revizyon m M an AN	34	Leson 66 Konbinezon lèt br vr bl vl	89
Leson 21 ak 22 t T	36	Leson 67 ak 68 Konbinezon lèt bw	90
Leson 23 Konbinezon lèt pl	38	kw lw mw nw pw sw tw vw	91
Leson 23 Konbinezon lèt pl	39	Peryòd Revizyon Leson 69 ak 70	92
Leson 24 Peryòd Revizyon	40	Peryòd Revizyon Leson 69 ak 70	93
Leson 25 Peryòd Revizyon	41	Peryòd Revizyon Leson 71 ak 72	94
Leson 28 ak 29 o O	44	Peryòd Revizyon Leson 71 ak 72	95
Leson 30 ak 31 ou OU	46	Leson 73 ak 74 g G gr	96
Leson 32 Revizyon o O ou OU	48	Leson 75 ak 76 f F	98
Leson 33 ak 34 s S	50	Leson 77 Revizyon g G f F	100
Leson 35 ak 36 è È	52	Leson 78 ak 79 d D	102
Leson 37 Revizyon s S è È	54	Leson 80 ak 81 j J	104
Leson 38 ak 39 k K	56	Leson 82 Revizyon d D j J	106
Leson 40 ak 41 en EN	58	Leson 83 ak 84 ch CH	108
Leson 42 Revizyon k K en EN	60	Leson 85 ak 86 z Z	110

Tablo leson

	Paj		Paj
Leson 87 Revizyon ch CH z Z	112	Leson 116 Revizyon Final	164
Leson 88 chw dw fw	114	è en o ou k y s kl kr pr tr	165
Leson 89 jw gw zw	116	Leson 117 Revizyon Final	165
Leson 90 àn èn òn	118	on ò w b	166
Leson 91 ann enn onn	120	Leson 118 Revizyon Final	166
Leson 92 Revizyon chw dw fw jw gw zw àn èn òn ann enn onn	122	Leson 118 Revizyon Final	167
Leson 93 ui UI	124	Leson 119 Revizyon final	168
Leson 94 a l i p	126	br kr tr pr	169
Leson 95 e n m an	128	Leson 120 Revizyon final	169
Leson 96 o ou s è	130	Leson 120 Revizyon final	170
Leson 97 Revizyon ui a l i p e n m an o ou s è	132	Leson 121 Revizyon final	171
Leson 98 kl pl bl gl	134	Leson 122 Revizyon final	172
Leson 99 Revizyon k en r y	136	Leson 122 Revizyon final	173
Leson 100 Revizyon o ò w b	138	Leson 123 Revizyon final	174
Leson 101 Revizyon v g f d	140	Leson 124 Revizyon final	175
k en r y o ò w b v g f d	142	Leson 124 Revizyon final	176
Leson 102 Peryòd revizyon	142	Leson 125 Revizyon final	177
Leson 103 Revizyon z ch	144	Leson 126 Revizyon final	178
Leson 104 Revizyon br kr pr tr	146	Leson 127 Revizyon final	
Leson 105 Revizyon fr dr gr vr	148	Vizyalizasyon 6	179
Leson 106 Revizyon pw sw tw vw	150	Leson 127 Revizyon final	180
Leson 107 Peryòd Revizyon ch kr pr tr br fr dr gr vr pw sw, tw vw	152	Leson 128 Revizyon Global	181
Leson 108 Revizyon bw kw lw nw	154	Leson 128 Revizyon Global	182
Leson 109 Revizyon Final	156	Leson 129 Revizyon Global	183
Leson 110 Revizyon Final	157	Leson 129 Revizyon Global	184
Leson 111 Revizyon Final	158	Leson 130 Revizyon Global	185
Leson 112 Revizyon Final	159	Leson 130 Revizyon Global	186
Leson 113 Revizyon Final	161	Leson 131 Revizyon Global	187
Leson 114 Revizyon Final	162	Leson 131 Revizyon Global	188
Leson 115 Revizyon Final	163		

Prezantasyon, fè konesans




Vire paj liv




Chita dwat



Kenbe kreyon















anana



asyèt



avyon



alimèt







linèt



lanp



lapli



liv



a A I L



L → a = La a → l = al



la al la al al la al la la



ala Lala ala lala ala lala



Lala la.


Ala la.


Lala la.

Lala al la.



 a A I L

 a la al a al al la la al la la
a la al a al al la la al la la

 Ala Lala ala lala Ala Lala
Ala Lala ala lala Ala Lala

 Ala la.

Lala la.

Lala, Ala la.

Lala al la a.

Lala la.



Lala al la a.



inifòm



pilon



izin



liv



a A I L

★ L $\begin{matrix} \curvearrowright A \\ \curvearrowleft I \end{matrix}$ = LA = LI I $\begin{matrix} \curvearrowright i \\ \curvearrowleft a \end{matrix}$ = li = la I $\begin{matrix} \curvearrowright l \\ \curvearrowleft L \end{matrix}$ = il = IL



a la al a al al la la al al la



li Li la li Li la li la la Li



ala Lala ala lala ala Lala



li Lili Lila ala Lila lali



Ali al li.

Lila al li.

Ali li, Lila li.






parapli



peny



pil



pòt



a A l L i I



p $\begin{cases} \rightarrow i & = pi \\ \rightarrow a & = pa \end{cases}$

i \rightarrow p = ip

a \rightarrow p = ap



li al la li al li la li li al



pa ap pi pip pil pal pil



Ali ala Lala Lila lali Lala



papa papi papa papi



Lili pa li.

Lala ap li.


Papa Lala li.


Papa Lili ap li.


Lila ap li



 a A l L i I p P

 pi ap pa li pal pil la al
pi ap pa la al li pal pil

 papa papi Lala Lili
Lala Lili papi papa

 Papa Lala li.
Papa Lili ap li.
Lila ap li.
Papa Ali pa la.

Lili ap li.



Lili ap li.

Lala pa la.

Papa Lili pa la.


Lili ap li, Lala pa la.



elèv



elikoptè



manje



zye



a A l L i I p P



P → e = Pe

e → p = ep

l → e = le



li la pa pi al ap pil pal



e pe le e pe le e pe le e



apa papa papi Ali Lila Lala



ale epi Pele pile pale Pepe



Eli ap li.
 Papa Eli ap li.
 Papa Ali ap pile.
 Ali ap li, Eli ap li.





ne



nich




nat



lalin



a A l L i I p P e E



la ap pe la li pil pal pip



ni na ne ni na nap nip



pil epi pile papa pale Pepe



Nini Nana lalin Lina Lana



Lina ap li.
 Ana, Eli ap pale.
 Papa Lana ap pale.
 Eli pile pil papa li a.



 A a l L i I p P e E n N

 la ne pe al pa pi nap pil

 epi Ana lalin pale pile anana

 Lila pale.

Lana pa pale.

Papa Eli ap li.

Nina pa pile nap la.

Eli ap li epi Ali pale.

Ana ap pile, Nini ap pale.

Papa ap pile




Papa ap pile.

Ni Ana ni Lina pa pile.

Ana ap li epi Lina ap pale.

Papa pa pale, papa pa li.

Lina la epi papa Ana ap pile.



mab



men



moto



mòn



a A l L i I p P e E n N



i → m = im
a → m = am

m $\left\{ \begin{array}{l} \text{i} = \text{mi} \\ \text{a} = \text{ma} \\ \text{e} = \text{me} \end{array} \right.$



li la pa pi pe na ni ne pi
pe nap nip pip pil pal



me ma mi mil lam mal




epi apa papa papi lalin
pile pale anana




mele Meme Mama mimi lame lime



Emil ap pale, li pa li.
Mina ap pale, Lana ap li.
Papa, Mama pile pil la.
Ni Emil ni Nina pap pile lam.





mango



manman



piman



letan



I L i I p P e E n N m M



I → an = lan

n → an = nan

P → an = Pan

m → an = man



pe me ap pa lim lam nap pil nip
mal pip mil pile



an lan pan nan man pan



epi mimi Mama Meme pami papi
mele papa Pamela



elan anpil piman manmi nannan
manman



Alina pile piman an.
Ana pa ale, papa li ale.
Papa Ana pa pale anpil.
Pa pile lam manman Ana a.



Manman, Papa Emil ap pale





Emil ap li, li p ap pale.

Ana ap li anpil.


Papa Emil ap pale.

Manman Emil ap pile piman.

 i I p P e E n N m M an AN

 ap al la ne me ma mi lan
pan mil lam mal pip nan nap

 manman papa mele mimi Mama
Meme pami elan anpil piman manmi
nannan manman Pamela Alina

 Papa Nina epi Lila ap li.
Pamela ap pile anpil piman.
Eli pa mele lam nan anana a.
Emil pa pile lam Mina a.
Ana ap pale epi manman ap li.


Ema ap li



Emil p ap li, li ap pale.
Papa Emil ap pale.
Ema pa pale, Ema ap li.
Ema ap li anpil, Emil p ap li.
Manman Emil ap pile piman.



tab



tiyo



tenis



tèt



i I p P e E n N m M an AN

★ t

a	= ta	a	→	t	= at
an	= tan	i	→	t	= it
i	= ti	an	→	t	= ant
e	= te				



li la lan pi pa pe pan pip nap lam pal



te ti ta tan pat tape tant pant mant



papa pale pile manman anpil anana




piti tape pati pate mate patat
malta matla matant taptap lanati



Ana mete tapi a la.
Ni Pamela ni Ana p ap li.
Pi ta, papa Emil ap pati.
Ana te ale nan taptap la.
Anita, Emil, Tina epi Lina ap li.


Pile piman



Manman Ana ap pile piman an.
Li pile piman matant Tina a.
Li pile piman an pil pa pil.
Ana mete piman an la.
Ana ale, li pa pile piman an.



Leson 23 Konbinezon lèt pl



pl im ⇒ plim



la-pl i ⇒ lapli



pl → i = pli
pl → an = plan
pl → on = plon
pl → e = ple

 pla pli pli plat plan plim

 lapli plati plane plant eple plante

 Anita ap eple.

Eli mete plim Tina a la.

Ali plante anana, piman epi lam.

Piman an nan mitan plat la.

Matant Lina ale nan lapli a.

Manman Ema ap plante piman.



i I p P e E m M an AN



ap al la lan pan pli pla plan
plim lanp plat plant



plante papa eple mele lapli
pale anpil plati lanati manman



Ali, mete plan anana a la.

Lina mele, li pa eple lapli.

Pamela, pa pile plim Emil la.

Emil pile pil la epi pil la plati.

Manman, papa Lana ap pale.

Ana ap pale epi li ap plante piman.

Emil ap li



Emil ap li epi li eple.

Ana ap li, li pa eple.

Emil li anpil, Ana pa li anpil.

Ana pa eple, li ap li.

Matant Emil la, papa Ana pa la.

Matant Emil ap li epi papa Ana pa la.

Anita ap eple



Anita li anpil, li eple anpil.
Manman Anita pa la, li p ap li.
Papa Anita pa la, li p ap li.
Anita li : lapli, pile, piman, plim.
Anita eple lam epi li eple plane.

Papa Emil ap pile



Papa Emil ap pile lam.

Manman Lina pa pile lam.

Manman Lina pa plante, li ap pale.

Lina pa la, li pa pale.


Lina pa pile lam, li pa plante piman.

Papa Emil ap pile, pi ta li ap plante.


Manman Anita



Manman Anita ap plante piman.
Anita ap pa plante anpil piman.
Manman Anita plante anpil piman.
Papa Anita pa plante piman.
Pi ta, papa Anita ap plante lam.
Anita ap plante, manman li ap plante.



oslè



oto



towo



moto



p P e E n N m M an AN t T



P → o = Po t → o = to n → o = no
Pl → o = Plo m → o = mo



pi nan pli mant plat tant mete



lo po mo no to plo lo po mo



epi tape eple pile pate mitan
lapli plati manti matant



oto opa pototo Polo Lolo Toto
loto pito plato manto titato



Pi ta, matant Tina ap pati.
Mona, pa pile plim Ana a.
Nina pito moto papa li a.
Nina mete lam nan plat la.
Plim Emil la nan oto papa Ana a.

Papa Emil pati



Papa Emil pa la, li pati.
Emil la, manman Emil la.
Emil ap li, manman li ap pale.
Oto papa Emil la pa la.
Papa Emil pati nan oto li a.




chou



bouch



kawoutchou



kalalou



e E n N m M an AN t T o O



p → ou = pou t → ou = tou m → ou = mou
n → ou = nou n → ou = nou l → ou = lou



pli plan lanp tant plim mant plant



ou out pou nou lou tou mou poul tout
moul loup moun



plato poto pito plante plati lapli eple
pote moto lanati



toupi patou toutou timoun alantou
toupatou



Ema pito pope Ana pote a.
Nou eple anpil mo pou papa nou.
Anita, pa pile toupi Ema a.
Papa Eli plante poto nan alantou a.
Emil te pote poul pou papa li.

Tani ap eple



Tani ap li pou manman li.
Tani ap li anpil, manman li pa pale.
Manman Tani la, manman an pa li.
Tani li, epi li ap eple mo tou.
Tani eple: toupri, toupatou epi alantou.



m M an AN t T o O ou OU



pat nou plan poul tout pant lanp
mant plat moun loup plim plant



tapi poto plati plato manti mitan
matant timoun ansanm anana
titato aliman alantou toupatou



Ana pito pope Ema pote a.
Eli ap eple anpil mo pou papa li.
Plim Eli a nan oto papa Emil la.
Nina mete anana a nan plat la.
Anita, pa mete lanp la sou tapi a.
Papa Ana plante poto tout alantou a.
Ana ap pote poul pou papa li pi ta.

Tout moun pote pitimi



Ana pote pitimi pou poul manman li a.
Ali pote pitimi pou poul papa li a tou.
Manman Ana pati al plante lam.
Papa Ali pati tou nan oto li.
Ana epi Ali pote pitimi pou poul.



solèy



sak



sèt



tas



n N m M an An t T o O ou Ou

★	s	i = si	ou → s = ous
		ou = sou	a → s = as
		e = se	i → s = is
		o = so	an → s = ans
		a = sa	o → s = os



ti tan tou tant tout pi pli plim loup
moun pant plant plat poul



se si sa sou sal tas sis mis mas sant tous
pous plas plis sans sous



mete mate manti matla anpil pitit malta
plante matant timoun



sale soti soupe souse touse plase santi
panse pouse plise souple



Timoun, pa pouse poul la.
Poupe Ana a sou matla nan sal la.
Pi ta, matant Eli ap soti nan oto li.

Papa Eli pito soup



Papa Eli nan sal la.

Pitit li a pote soup, pate epi pitimi.

Papa Eli pito soup pase pate.

Li mete anpil soup pou papa li.



kè



tèt



sèt



mèt



t → è = tè

= tè

s → è = sèt

= sèt

l → è = lèt

= lèt

m → è = mè

= mè

n → è = nè

= nè

pl → è = plèt

= plèt



an AN t T o O ou OU s S



tou tan tout sou sant sans sis soup soti
sote tas



pè sèt lèt tè sèt lèt mè pèp mèt tèt nèt
pèt tèt tèt mèt



touse panse lanse plati sante plato
tenis plase timoun




otèt setèt palèt malèt talèt pèpèt motèt lasèt
sèpèt palèt malèt linèt petèt planèt



Li setèt, mèt la ap eple mo.
Pa mete malèt Sam nan atè a.
Ana, pote tas soup la pou papi.
Petèt matant Eli ap soti talèt.
Papa Anita mete linèt pou li li.

Ènès ap li



Ènès ap li pou mèt la.
Mèt la mete linèt pou li tou.
Mèt la ap li, Ènès ap li tou.
Ènès ap pale sou tout sa li ap li.
Pi ta, Ènès ap li pou manman li.



an AN t T o O ou OU s S è È



nèt tèt mèt tas sèt lèt sant tout
sans soup lans plat plis plas plant




palè touse panse lasèt lanse
petèt malèt linèt plise pèmèt
soupe plante alimèt



Nou ap pale ansanm sou oto papa nou an.
Ana mete soup Ema a nan tas la.
Emil, mete poupe ti sè ou a la.
Pa mete tenis sal la sou tapi a.
Ana ap li plis pase tout moun.
Petèt matant Lina ap soti talè.
Papa Anita mete linèt pou li li.

Soup Lina a



Lina mete poul epi patat nan soup la .
Li pa mete ni piman, ni anpil pèsì.
Li pa mete anpil epis nan soup la.
Li mete anpil soup pou papa li. Li mete anpil
pou matant li tou.
Li mete soup pou Tant Nina.
Epi li mete soup pou li tou.



kann



kawotchou



kabrit



kalalou



t T o O o u O U s S è È



lè lèt mè mèt lan mant sèt
pè plas pous tap pli sans



ke ak mak kan kat lak kèt kas sak
kap pik kap kèk kit kout sèke



atè mete mele anlè papa pase
plase manman pansman



kati kale kase kote kepi ekip
paske kanèl koute kapèt akasan
kalalou miniskil konekte



Ana mete kas la nan tèt li.
Emil ak Ana ale kote mèt la.
Ki kote Eli mete kepi papa li a?
Plim Ana a pi kout pase pa Eli a.

Kepi Ema a



Ani te soti ak kepi ti sè li a.


Ema pale: Ki kote ou mete kepi a?

Ani pale: ki koulè kepi ou a Ema?


Papa Ema pale:

Ani, pa soti ak kepi Ema a.


Soti ak kepi pa ou a pito.



pen



nen



ensèk



men



t T o O ou OU s S è È k K



kè pak kap kit kèk kan kou nat plak
kout plat plim sans pous



en men sen pen ten len nen plen senk
plent



make ekip makèt plaka kanèl pikan
akasan kalalou



lapen pèlen ensèk penti maten limen
sèten moulen mennen

Mete anpil kanèl nan te a.

Sak ki atè a plen patat ak lam.


Lapen matant Lina a malen anpil.

Maten an, Ali mennen Ema nan lopital la.


Papa Alen pote pen




Papa Alen pote anpil pen.
Li pote kat pen pou Tani.
Li pote senk pen pou manman Alen.
Li pote sèt pen pou Alen.
Li pote pen pou tout moun.


 o O ou OU s S è È k K en EN

 kap kèk kas kat tèt pik sèt senk plak

 make ekip kepi èske tenis pitit
kapèt lapen kanèl malèt makèt
pakèt tankou akasan kalalou miniskil

 Ana kole leman li a sou metal la.
Plen pitimi nan sak ki atè a.
Anita mete penti sou kepi Ema a.
Èske ou pote akasan pou tout moun?
Poukisa ou pa plen tas la ak lèt?
Mèt la konekte lèt miniskil ki menm.

Ana ak leman an



Papa Ana te mete leman an atè a.
Papa li te kite mamit la atè a tou.
Ana mete leman an akote mamit la.
Leman an ale kole ak mamit la.
Poukisa leman an kole sou mamit la?



ri



rato



parapli



kouri



o O ou OU s S è È k K en EN



ak ka kas kal men pen sèk
pens plen plas pous plant mant



ra ri rat rèl rès ren ran rans rens



lapen ensèk pakèt mennen
tenten moulen kalalou miniskil



lari rete rele rale kouri renmen
repare retire antoure ranmase



Timoun renmen kouri san rete.

Emil, al ranmase rato ki nan lari a.

Plim nan pa pou ou Rita, se pou Ali.


Lina antoure tout lèt miniskil nan mo a.

Anita mete kaskèt li a sou moulen an.


Rita ranmase kalalou



Rita rete nan ri akote moulen an.
Maten an, li ale ranmase kalalou.
Anpil kalalou nan lakou moulen an.
Li ranmase tout kalalou ki atè a.
Rita pote tout kalalou a pou matant li.
Poutèt sa, matant Rita kontan anpil.



yoyo



fèy



kay



kamyon



o u O U s S è È k K e n E N r R



pik rap tèt rèl ran plis panse



yo ye yè lay kay pay pye liy youn



lari rele kouri panse ranmase
kalalou antoure konekte



keyi peye yoyo kiyè pliye mouye
apiye Ayiti kokoye souliye



Mina renmen kokoye Ayiti yo anpil.

Kokoye sa a plen, pote li pou Ana.

Ana renmen kokoye anpil.

Ana pa mete po kokoye atè a.

Lapli a mouye moun ki te sou plas la.

Keyi kokoye



Ana ale kay Eli pou li keyi kokoye.
Yo keyi nan yon pye kokoye nan lakou a.
Ana keyi senk pou moun lakay li.
Eli keyi pou lakay li ak pou matant li.
Timoun yo ap pote kokoye yo lakay.
Tout moun nan kay yo renmen kokoye.



s S è È k K en EN r R y Y



ye yè yanm kay rat ren ran rèl
pèl youn plas mal yo sèk mèt sous



oslè olye tiyo keyi mouye pliye
yenyen souliye Ayiti antoure



Rita keyi anpil kalalou maten an.

Manman Rita rele li pou li ale ranmase
kokoye.

Mèt la konekte lèt miniskil ki menm.

Emil ak Anita mouye.

Yo pa pote parapli yo.

Mete kiyè matant Rita yo nan plato anlè a.

Kati mennen matant li Ayiti, li renmen peyi a.


Lis papa Kati ak Toni



Papa Kati ak Toni ap pati. Li kite lis sa pou yo:

1. Retire tapi a atè a. Mete li sou kote poto a.
2. Ranmase kokoye yo, pote yo kay tant Lina.
3. Apiye rato a sou miray la.
4. Mouye patat yo, rensè kiyè yo.
5. Antoure pye kalalou yo ak sak la.
6. Repo pou Ana ak Emil.

Leson 48 Konbinezon lèt kl kr pr tr



pr iz ⇒ priz



la-kr è ⇒ lakrè



tr e-to ⇒ treto



Kl e ⇒ Kle



pra pri pre prè kri kle tra tre
tri trè très kras pran



prale klete trese traka lakrè
krake krepi pratik kremas pratike



Katrina ak ti sè li renmen ale nan lanmè.
Alina pral pale ak pratik li a.
Mèt la pran lakrè a pou ekri mo.
Eli mande pratik la mete soup nan asyèt la.



s S è È k K en EN r R y Y



kle kout koup sous plen plan lanp plat
sèk krèm kay plak kras



ekri koupe koute eple lapen pile penti
kase plase plati krapo klete lakrè prete
rantrè plenyen manyen



Plat Kati a plen krèm lèt.

Timoun yo ap ekri lèt yo nan kaye yo.

Manman Anita ak Ana ap trese tèt yo.

Mete plim ak lakrè nan klas la.

Ana pa souri paske li kase plat la.

Pratik la pran senk treto yo epi li ale.

Pratik la pa tris menm, li ap souri anpil.

Kokoye kay Eli yo




Papa Eli plante kokoye nan lakou a.
Eli keyi kat kokoye. Li mete yo nan yon panye.
Li ap pote yo pou Ana.
Eli konnen Ana renmen kokoye anpil.
Ana pral souri san rete. Li pral remèsye Eli pou
tout kokoye yo.

Niko renmen matant Lina




Niko renmen pale ak Matant Lina.
Niko ale pase anpil tan ak Matant Lina.
Matant Lina ak Niko pase tan yo ap pale.
Matant Lina renmen pale ak tout timoun.
Niko renmen Matant Lina anpil.

Nola ak matant li



Matant Nola ak Nola renmen rete ansanm.
Lematen, se toutan yo ap pale ansanm.
Yo prepare soup pen ansanm.
Matant Nola mete tomat, aran ak pèsi.
Yo pa kite kras soup nan asyèt la.
Tank Matant Nola renmen soup pen.

Tomat Mesye patrik yo



Mesye Patrik renmen tomat anpil.
Li plante trant pye tomat nan lakou lakay li.
Eli keyi tomat yo pou Mesye Patrik.
Eli ap pote anpil tomat nan panye a.
Mesye Patrik pral separe tout tomat yo.
Tout moun remèsye Mesye Patrik pou tomat yo.



onz



mont



bonbon



pantalon


 s S è È k K en EN r R y Y

 sis sèt pye prè kèk très plak senk

 on son yon pon kon non kont plon

 trak teyat katye lakrè prete kreye
mennen manman kalite pratike

 monte pilon kanson sonnen lontan
kontan kreyon pantalon kontantman


 Emil ap pile anpil piman nan pilon an.
Tout katye a renmen teyat Samson.
Teyat Samson ak Katrina a komik anpil.
Pantalon Tonton Mina a sal ak lakrè.
Salomon rakonte anpil kont sou katye a.

Emil ap monte moto (1)



Emil ta renmen konnen monte moto. Li pale ak tonton Salomon pou montre li. Tonton Salomon monte moto anpil.

Tonton Salomon ap montre Emil monte moto. Li prete Emil yon kas. Apre sa, li mete Emil sou moto a. Emil pa ka monte moto a san kas. Yo pase sèt semèn ap monte moto. Kounye a, Emil ka monte moto pou kont li.



won



wòch



kwa



pwa



k K en EN r R o O y Y on On



yè non trè yon myèl kras pral



wi wo wa wè we wou woy wont



taye prale krapo kontan kalite trakase
antoure prekosyon konpliman



wout wotè wete kawo mawon woule
mawon awoze wowoli



Lè nou sou moto se wololoy!

Elsa renmen wowoli anpil.

Manman Anita pote yon tay pou li.

Aprè lekòl, Wali antre lakay ak sè li yo.

Timoun yo ap ekri lèt miniskil nan kaye yo.

Emil ap monte moto (2)



Emil te kontan monte moto. Li prale wè ti sè li Mona sou moto. Emil konn woule moto kounye a. Li pote yon kas pou ti sè li a. Yo pran tout prekosyon. Yo ale pou yon ti tou sou moto. Emil woule ti pa ti pa. Emil ak sè li renmen moman yo pase ansanm.



en EN r R y Y on On w W



yon pon pye très tras wout myèl
plak pran moun youn kras kous wont



voye marye mesye kreyon miniskil
trakase konpliman prekosyon



Ema renmen li ak ekri anpil.

Ali pa renmen wè ensèk nan lakou a.

Maten an, papa Ali prepare mayi pou kay
la.

Emil ak Ana ap prepare pou tès la.

Ana plis renmen kouri pase monte moto.


Tina ale nan lari a ak anpil prekosyon.

Soup la pare pou timoun yo soupe.

Mèt la ap ekri ak lakrè a nan klas la.

Lina mete kaye li nan sak li a.

Yola ap pati



Yè, Yola pare malèt li ak kè kontan. Li pral pati ak manman li. Yo ap soti Milo. Yo prale wè matant Anita.

Ane pase, Yo te ale apye. Men, wout la te anpil. Ane sa a, yo ap pran taptap. Apre trant minit, yo ap Okap.

Manman li rakonte li kouman yo pral pale. Yo pral plante, tire kont, ri tout tan.


Yola prese pou li wè matant Anita.




wòb



zòrèy



bòl



kawòt



k K en EN r R y Y on On w W



won wont sous youn tras pre kle



wòl mòn tòl pòt kòs kòl



solèy woule mawon kreyòl moustikè



lekòl lakòl aransò kowosòl kòmanse



Ema renmen krèm kowosòl anpil.

Lèna pa renmen wè ensèk nan lakou a.

Mona ap ekri mo kreyòl nan kaye li.

Maten an, papa Eli prepare mayi ak aransò.

Yè, Melina te rete lekòl la pou li li.

Lakou Papa Emil la




Papa Emil ap plante nan lakou li a. Li plante kawòt, mayi ak yon pye kowosòl. Mayi a ap pare an premye. Apre sa, se ap tou pa kawòt yo. Y ap pare apre kèk semèn. Pye kowosòl la ap pran kèk lane li menm.

Emil renmen wè kòman papa li ap plante. Poutèt sa, li rete pre li.




bale



bannann



bourik



bouton



en EN r R y Y on On w W ò Ò



won pye kle nyès tras yanm twou
youn



bo bèf bòt bòl bon ban bal bay bèl
bab ban bous bous boul krab



wowoli esplike ranmase kòmansman



bese balon tonbe benyen balanse
labouyi baskètbòl boulonnen boukannen



Ana renmen baskètbòl plis pase tout espò.
Betina ale nan lari a ak anpil prekosyon.
Labouyi a pare pou timoun yo soupe.
Nou tout kontan wè bèl solèy nan syèl la.
Betina mete bous li a nan sak mawon an.

Bòs Benito



Bòs Benito se yon bon bòs mason. Li bati anpil bèl kay. Bòs ki nan ekip li yo renmen li anpil. Yo rele li Bòs Bebe.

Maten an, li ap bati yon kloti pou Borèl. Pita, li ap tou krepri li. Li pa pran tan ak kloti a.

Borèl kontan anpil pou bèl kloti a.

Bòs Benito souri, epi li ba li lamèn.



r R y Y on On w W ò Ò b B



wo bòl mòn wòb bal bab kòb pran
plak krab plim plat tras plent



voye marye mesye kreyon balanse
kiltivatè wobinèt miniskil konpliman
boukannen



Emil ak Ana rete lekòl la pou yo li.

Ema bay Anita yon bèl konpliman.

Labouyi a pare pou timoun yo soupe.

Eva pa renmen wè ensèk nan lakou a.

Mona plante kawòt epi li plante kowosòl.

Maten an papa prepare mayi ak aransò.

Ana plis renmen baskètbòl pase tout espò.

Pita, Bòs Benito ap krepri kay la.


Rekòlte mayi (3)



Emil ak papa li ale rekòlte mayi. Papa li pral pran mayi pou li bouyi. Li ka prepare akasan oswa mayi boukannen tou.

Emil renmen akasan anpil. Men li pito mayi boukannen. Tout moun kontan lè yo prepare labouyi mayi.


Papa Emil kontan anpil paske rekòt la bon.



vis



volan



vantilatè



vè



r R y Y on On w W ò Ò b B



bo bòl bat bal bon pre krab byen



vè vo viv vit ven vòl van vin vèt



bato kaba balon prete bonbon kalite
trakase sibitman prekosyon



veye vole valè avyon nouvo vaksen
vakans travay verite volonte veterinè



Mina lave men li avan li soupe.

Yo plante anpil lam veritab nan bouk la.

Vakans la rive, tout elèv yo kontan.

Ana pran prekosyon lè li ap travèse lari a.

Avyon yo vole nan ayewopò lematen.

Yo ap bay nouvèl peyi a nan televizyon an.

Tina ak Solon al ayewopò



Vakans rive, Tina ak Solon kontan anpil. Tonton Moris ap vini Pòtoprens. Li ap pase kat semèn avèk yo.

Tonton Moris abite Okap. Li ap travay kòm pilòt avyon. Vakans sa a, Tonton Moris ap vini wè yo. Yo renmen avyon. Li pral pran avyon soti Okap. Li pral ateri nan ayewopò bò lakay yo. Tonton Moris pral mennen yo wè ayewopò Potoprens lan. Tina ak Solon kontan anpil.


Leson 65 Konbinezon lèt br vr bl vl



br a ⇒ bra



an-vl òp ⇒ anvlòp



ta-bl o ⇒ tablo



bra vre ble vle blan vlou



tablo blayi biblo bliye brase bloke
vlope anvlòp tabliye bibliyotèk



Katrina ekri nouvo mo yo nan kaye li.

Eli mete lèt la nan ti anvlòp blan an.

Eli leve bra li yo anlè.

Matant Lina ba li yon bèl biblo.

Nou pral li nan bibliyotèk la apre klas la.

Alina mouye nan lapli. Li te bliye parapli li.

Leson 66 Konbinezon lèt br vr bl vl



ou OU s S è È k K en EN r R y Y
on ON



ble kòb tras koup sous plen plan lanp plat
krèm kras blan vlou



krepì koute krake traka kremas trase
lakrè plase trese premye rèman devlope
tabliye pratike anvlope




Sam ap pratike volebòl ak kanmarad lekòl
li yo.

Mason an krepì mi kay la ak prekosyon.

Papa Emil ap plante mayi, pitimi ak pitit
li.

Katrina mete lèt la nan anvlòp la. Li pral
voye li ale.


Nou pa vreman konnen ki lè nou ap
tounen.




bw at ⇒ bwat



kw a ⇒ kwa



pw a-son ⇒ pwason



vw al ⇒ vwal



vw a-yèl ⇒ vwayèl



pa-sw a ⇒ paswa



s S è È k K en EN r R y Y on
ON w W ò Ò b B v V



bra vre bri voum sous pri plen
pre plan plat krèm blan vlou



bwa kwa pwa vwa swa nwa twa
vwal twòp bwat pwòp pwal



brase bloke bliye traka priye
lakrè plase blayi trese pliye lakrè



aswè la lwa bwote vwale kwoke nwasi
batwèl vwayèl pwason bwason vwalye



Mwa pase, Eli te plante pwa nan teren
an.

Twòp lapli tonbe: li ale ak semans pwa
yo. Poutèt sa, pwa pa pouse.

Ema ak Lina vin plante pwa ak Eli nan
teren an.

Ivon sove Erik



Yon maten, Erik te ap kouri nan lakou a. Pye Erik pran nan labou. Li tonbe nan yon ravin. Ivon te ap pase tou pre a. Lè li wè sa, Ivon prese bay Erik men. Li rale Erik monte byen vit. Erik kontan Ivon sove li. Li remèsye Ivon. Ivon reponn: "Erik, mwen kontan sove ou. Petèt yon lè, se ou ki va sove mwen".


Lola ap monte kap



Lola se yon timoun nevan. Li renmen kap anpil. Li montre anpil timoun nan katye a monte kap. Ivan nouvo nan katye a. Lola ba li yon bèl kap. Ivan pa konnen kòman pou li monte kap. Lola pral montre li monte kap pi ta. Ivan kontan paske li pral monte kap.

Solèy la resi bese. Lola ak Ivan pral monte kap sou teren an.

Yon bon pasyan



Yè maten, Eli pa te santi li twò byen. Li pat ka respire. Li ale nan lopital ki bò lakay li a. Nan lopital la, se Mis Ketina pran swen li. Eli se yon bon pasyan. Li obeyi mis la. Li bwè siwo epi li pran piki san plenyen. Kèk moman apre, Eli kòmanse respire pi byen. Li retounen lakay. Eli pa bliye kòman Mis Ketina te okipe li.

Liv istwa Tonton Loran an



Krik! Krak! Se konsa Tonton Loran kòmanse. Li pral li yon istwa. Liv li a plen bèl istwa. Yè, li te li istwa Bouki. Kounye a, li ap li istwa Malis. Tonton Loran rakonte kòman Malis malen. Betina vle konnen istwa ti poul la. Li pa konnen si li nan liv la. O o ! Tonton Loran wè istwa tout bèt nan liv la.



gato



grenad



gita



mango



on On w W ò Ò b B v V



vwa plis nwa mwa lwen boul vwal
sans twòp mwen bwat plen plan



ge gòl gen gèp gan gou gon gri gra
gre grè grès



maten lekòl brase prese istwa twalèt
vwayèl polisye polisyon respekte



gato lago lage grenad gason goute
gratis galeri galata gripe genyen



Betina genyen anpil travay aswè a.

Gen twa wanganègès sou pye flanbwayan an.

Emil ak paran li yo pral Gonayiv

Mina pote twa mango pou ti sè li yo.

Gabi pral lekòl (1)




Gabi se yon timoun setan. Chak maten, Gabi ale lekòl a pye. Manman li leve li byen bonè. Gabi prepare li. Lè li pare, li pran wout lekòl la.


Sou wout la, li pran anpil prekosyon. Li gade byen avan li travesè lari a. Li rete sou bò lari ki gen plis twotwa. Se sa manman li konseye li tou.




fèy



fig



foumi



fil



w W ò Ò b B v V g G



gen gou vin bay bon vwa bab bri boul mwen
vlou bwat twòp



fi fèt fòt fab fòl fil fou fèm fen



vwayèl kabrit kantite veritab prekosyon
bibliyotèk wanganègès



fete farin fatra fanmi fèmen famasi farinen
farinay



Premye janvyè sè fèt peyi mwen.

Pwofèsè a vle nou li fò nan klas la.

Fanye ap kouri sou twotwa a. Li vle rive lekòl la
a lè.

Fanmi elèv yo kòmanse rive pou fèt la.

Nan klas Anita a gen ven elèv.

Gabi pral lekòl (2)



Gabi pase akote bibliyotèk la souvan. Lè Gabi ap pase nan maten, bibliyotèk la fèmen. Men, lè li ap retounen, bibliyotèk la louvri.

Gabi pase prete liv li renmen. Li renmen liv ki gen anpil foto ak bèl istwa. Apre sa, li pase akote yon makèt.

Pou fini, li pase tou pre kay matant Tamara.



w W ò Ò b B v V g G f F



vle ble bwat fen fin pwa vwa bwè kwè
kwa lwen krab mwen



gete bliye vlope swete twalèt paswa
anvlòp pwason vwayèl tabliye gaspiye
enfimyè finalman respekte bibliyotèk



Gen anpil vwayèl nan lang kreyòl la.

Mona fè pwason, ble ak pwa nwa pou mwen.

Emil ak Alina travay anpil maten an. Yo vle
rete paske yo fatige.

Mèt la ap eksplike sa ki nan liv la.

Gabi gen anpil devwa pou li fè aswè a.

Ali, an nou netwaye kay la ak galri a.

Bra Nina ap fè li mal. Li pral pran kalman pou
sa.

Sou wout lekòl la (3)




Gabi kontan pou li ale lekòl. Menmsi li ale a pye. Li pase bò Sant Kiltirèl komin nan. Nan Sant sa a, aktè vin fè teyat. Apre sa, Gabi pase nan ri kote genyen yon restoran. Li rele Ragou. Ane pase, se la li te fete fèt li. Gabi renmen restoran sa a anpil. Finalman, li rive nan lekòl li a.



dan



drapo



domino



dòm



w W ò Ò b B v V g G f F



fè yon gou gen bèl lòt youn mwen



dan dam doub vid sid dis dans



finalman navige kominike disiplin
konpliman enpòtan pwofesè



maladi demonte mèkredi difisil avyon
edikasyon dekouvèt



Lè samdi maten Emil ede manman li.
Direktè lekòl la pa vle timoun yo fè bri.
Papa mwen dekore kay nou an pou fèt la.
David pèdi pati a. Doub sis rete nan men li.
Demen apremidi, mwen pral rankontre
kanmarad mwen yo.


Erik prale kay Matant Lila (1)




Yès wa, Erik prese ale dòmi. Kè li byen kontan. Manman li wè li prese pou demen rive. Demen, li prale lakay Matant Lila.

Erik renmen Matant Lila anpil, anpil. Matant Lila avèk li renmen tout kalite bèt. Matant li gen anpil bèt lakay li. Erik ap panse ki bèt li ka dekouvri demen.

Erik vrèman kontan pou li ale kay Matant Lila.




janm



joumou



jip



manje

🦎 ò Ò b B v V g G f F d D

🌴 do dans wa mwen lwen vle

🚌 ji jou jès jis jous pyèj plaj jant

🍍 gaspiye respekte finalman nesesite kontinye kominikasyon konvèsasyon

🐱 kalòj jounen rejete toujou bonjou deranje entèlijan jiskaske ankouraje

🦋 Èske w fin ranje tout rad ou yo?

Jedi pase, fanmi Emil te fete anivèsè li.

Mwen p ap janm jete fatra nan lari a.

Nan senk jou, mesye Salomon pral fè yon vwayaj.

Mwen renmen jaden ki tou pre lakay mwen an.

Erik kay matant Lila (2)



Samdi maten, Erik leve byen bonè. Dabò, li prepare li. Answit, li salye manman li. Finalman, li ale lakay Matant Lila.

Lè li rive, li wè Mika ak Nola. Mika se yon toutou, Nola se yon mimi. Apre sa, Erik wè yon lòt bèt. Erik di: Oo Matant Lila! Apa ou gen yon lòt bèt!

Men wi, Erik, mwen fèk gen bèt sa a. Se yon jako. Li rele Jojo.



b B v V g G f F d D j J



fè de je jòn vid jou vòl dwèt janm



kado angaje korije dodine lajounen
jiskaske madansara medikaman



Èske ou fin ranje tout rad ou yo?

Mwen deside ankouraje moun kenbe lari a pwòp.

Demen, mwen vle ale nan bibliyotèk katye mwen an.

Yè, David ak Sandra te ale nan bibliyotèk la.

Demen apremidi, mwen pral rankontre kanmarad mwen yo.

Erik kay Matant Lila (3)



Erik kontan li kay Matant Lila. Li ka wè Jojo, jako li a. Jojo gen yon bèl plimaj.

Jojo kòmanse pale. Jojo di:

- Bonjou.

Erik pantan! Li di :


- Se Jojo ki pale a?

- Men wi Erik. Jako se yon bèt ki repete sa li tande. Jojo toujou tande mwen salye moun. Li salye moun tou.


Jojo di:

- Bonjou Erik.


Erik ak Matant Lila tonbe ri.



chapo



cheval



kochon



nich



b B v V g G f F d D j J



ji fèt fòk fot vwa mwen



chat nich chak mèch chans klèch bouch
chanm manch planch



ranje genyen etidye règleman vwayaje
aktivite patisipe ankouraje rekòmanse



richès dimanch kribich chanjman
chokola chifonnen kachiman



Ti sè Anita a kache deyè pye chadèk la.

Dominik al chèche yon flè choublak pou
manman li.


Chodyè bouyon Anita a vid.

Chak maten, mwen pran chemen lekòl mwen.

Apremidi mwen




Apremidi enpòtan pou mwen. Mwen kite lekòl la a inè. Mwen pran chemen lakay. Lè mwen rive, mwen antre nan chanm mwen. Dabò, mwen retire inifòm, chosèt ak soulye. Mwen mete lòt rad. Apre sa, mwen tann lè manman mwen rele nou. Nou ale manje ansanm. Answit, nou pale sou jounen lekòl la. Lè nou fini, mwen etidye epi fè devwa mwen. Pita, mwen ale teke mab ak kamarad mwen.



zaboka



zanno



zoranj



kenz



v V g G f F d D j J ch Ch



pwa blan chak chans klòch mwen kwen
pwòch wòch wouj



zo ze baz zèb zèl zòn zen sèz zip zap
gaz zèb trèz zanj chèz kenz



machann reveye kòmanse ankourajman



zanmi zòtèy chemiz egzèsis zaboka
zandolit prezidan sezisman machandiz



Demen, zanmi mwen yo ap vini nan fèt mwen.

Vandredi elèv yo pral pase egzamen kreyòl.

Tanzantan, mwen ale gade match foutbòl sou katye mwen.

Ema prefere itilize valiz nwa li a.

Lè samdi nou toujou fè pwovizyon nan mache a.

Sizè nan maten



Chak samdi maten, fanmi mwen avè m leve bonè. Se yon bon plezi: lè nou tande katye a reveye. Nou tande kri anpil zannimo tankou: kòk ak chen.

Mwen respire bon odè jasmèn nan lakou a. Mwen kontan tande vwa ak pye machann ak kiltivatè kap pase. Yo chante sou wout la lè yo pral nan mache. Mwen tande : men bon mayi zaboka ak legim.



g G f F d D j J ch Ch z Z



lòt fab sid vle dam vid krab chèz
janm mwen



jenou zoranj navige deside koriye
egzèsis finalman revizyon



Radyo a bay nouvèl peyi a chak apremidi.

David pèdi pati domino a.

Mwen envite zanmi mwen yo vin lakay mwen.

Chodyè bouyon Anita a vid.

Mwen renmen jaden ki tou pre lakay mwen
an.

Bra Nina ap fè li mal. Li pral pran
medikaman pou sa.


Direktè lekòl la pa vle timoun yo fè bri.

Bouki ak Malis



Samdi pase, Bouki te kontan. Li te fèk achte yon telefòn nan men Malis. Apre sa, li eseye telefòn nan. Malerezman, li pa mache.

Pandan Malis chita lakay li, Bouki parèt. Li wè Bouki byen fache. Li mande li sa li genyen. Bouki reponn li : telefòn nan pa bon ! Malis di: eskize m Bouki. Mwen pral chanje telefòn nan pou ou. Apre sa, zanmi yo antann yo.



chw al

⇒ chwal



dw èt

⇒ dwèt




fw i

⇒ fwi

 fwa dwe dwèt fwèt dwat chwa chwal
dwòl

 fwomaj fwote chwazi pafwa

 Pafwa chwal la vire adwat.
Fwi yo byen fre jodi a.
Leve dwèt nou anlè.
Ana chwazi yon bon fwomaj.

Chwal Lara a




Lara gen yon chwal ki dwòl. Li renmen chwal li a anpil. Chwal la renmen manje fwi. Lara renmen ale keyi fwi ak chwal la. Li toujou chwazi bèl fwi yo pou chwal la.

Lara pa renmen fwete chwal la. Pafwa, li pale ak li. Li fè li mache vit. Pafwa, li fwote tèt chwal la. Chwal la kontan anpil. Lara ak chwal la zanmi anpil.



jw èt

⇒ jwèt



gw o

⇒ gwo



zw a-zo

⇒ zwazo



gwo zwa jwe jwèt jwen jwenn
jwa jwi jwè



zwazo bezwen zwilit marengwen



Mari gen yon gwo zwazo.

Rita gen yon zwazo zwilit.

Mari ak Rita renmen jwe ak jwèt yo.

Zwazo yo fè nich yo nan pye kenèp la.

Lana renmen bèt



Lana renmen tout bèt. Li renmen bèt domestik yo. Li renmen bèt nan bwa yo tou.

Lana renmen jwe. Li ta jwe tout tan ak bèt yo. Li jwe ak mimi Jwamèn nan. Li jwe tou ak toutou Jwachen an. Men, Lana pi renmen jwe ak zwazo.

Lana renmen tande lè ti zwazo yo ap chante. Lana renmen bèt yo, bèt yo renmen li tou.



av-w àn ⇒ avwàn



ba-l èn ⇒ balèn



k òn ⇒ kòn

 Àn mòn kòn pàn sèn rèn plàn plèn

 lamàn amèn kolòn balèn avwàn Simòn
ladwàn bekàn Miragwàn

 Àn renmen anpil avwàn.

Simòn di amèn aprè li fin priye.

Bèf Laplèn gen gwo kòn.

Anpil moun Miragwàn travay Ladwàn.

Bekàn Simòn nan




Vakans sa a, Papa Simòn fè li yon pwomès. Li ap fè li kado yon bekàn.


Maten an, Papa Simòn al chèche yon machin Miragwàn. Li tou achte bekàn ladwàn nan.

Lè li ap tounen, machin nan pran pàn. Li te rive ta ak bekàn nan. Lè Simòn wè bekàn nan, li kontan.

Simòn kouri ale chèche yon balèn. Li vle montre ti frè li yo bekàn nan.



ban-n ann ⇒ bannann




ch enn ⇒ chenn



la-vi-w onn ⇒ laviwonn

 kann flann vyann chenn plenn
wonn vann tann ponn konn sann grenn

 kabann bannan lapenn ladann aprann
laviwonn konprann reponn

 Jàn ap aprann li ak ekri.
Poul yo konn ponn anpil ze.
Ana manje kat grenn bannann.
Timoun yo renmen fè laviwonn.

Plèn bannann nan



Bò lakay Dabenn nan, gen yon gwo plèn. Li chaje ak pye bannann.

Timoun yo renmen fè laviwonn ladann. Plenn nan gen anpil zèb ladann tou.

Yo konn kouche sou zèb anba pye bannann yo. Yo renmen manje bannann fri ak vyann.

Mèt plenn nan di li ap vann li. Timoun yo gen lapenn. Si gen pye bannann ap gen frechè.

Leson 92 Revizyon

chw dw fw jw gw zw àn èn òn ann enn onn



àn mòn dwe kòn pàn sèn rèn gwo jàn
dwa jwa gwo chwa plèn vann grenn
wonn zwa jwe jwa jwi jwè jwi jwè fwèt
dwat chwa dwòl jwèt chwal jwen plàn
plèn kann flann chenn plenn wonn
tann konn sann grenn



fwomaj fwote chwazi pafwa lamàn
amèn kolòn balèn avwàn Simòn ladwàn
bekàn bannann lapenn ladann aprann
laviwonn konprann laviwonn marengwen



Ana chwazi yon bon fwomaj.

Mari ak Rita renmen jwe ak jwèt yo.

Simòn di amèn apre li fin priye.

Ana manje kat grenn bannann.

Grann Titàn



Grann Titàn se yon bon ti granmoun. Li renmen Ivòn anpil. Li se pitit pitit li. Depi de semèn, li pa wè li.

Jodi a, Ivòn deside vin wè li. Li anbrase li epi li di: "Bonjou Grann Titàn. Mwen kontan wè ou. Ki sa ou genyen?" Li reponn: "Mwen renmen ou anpil. Men nou pa janm vin wè mwen." Ivòn di: Eskize mwen, sa p ap rive ankò".




l ui l



z ui t




n ui t



ui t

 uit pui zuit suit nuit luil suiv kuit

 andui zegui dizuit bisuit kuizin kondui
suivan pwodui masuife lannuit

 Plen machann manje kuit nan lari a.
Lannuit, fòk chofè kamyon kondui ak
prekosyon.
Mwen pa renmen anpil luil nan manje.
Peyizan Latibonit yo pwodui anpil diri.
Premye janvyè, mwen konn ale dòmi apre
minui.

Mwen mete bè sou bisuit mwen yo.

Madan Solon



Madan Solon se yon machann ki vann manje kuit. Manje kuit se yon komès nou jwenn toupatou. Machann yo vann nan zòn lekòl, izin ak mache.

Bò izin nan, gen dizuit machann manje kuit. Gen machann ki mete anpil luil nan manje yo. Twòp luil pa bon pou sante. Yo itilize bon pwodui tankou: legim, fwi, sereyal, epis. Madan Solon se yon bon kuizinyè.



a-dw a z



l ui l



i z-i n



p a-p ay



li vil luil pat pil rap liv lim



izin papay adwaz anana patat inifòm
fanmi lavil inite anpil Petyonvil



Timoun yo aprann ekri sou adwaz.

Ana renmen anana anpil.

Vil Okay gen anpil bekàn.

Mwen gen bèl liv pou m ale lekòl.

Tout timoun dwe aprann li.

Fanmi mwen rete lavil Jeremi

Li bon pou aprann li



Ana gen douzan. Li rete lavil Okay. Se ane sa a Ana al lekòl. Se dwa tout timoun pou yo konn li. Manman Ana achte liv, adwaz, ak inifòm pou Ana. Li kontan anpil.

Lè Ana tounen lakay li, li li son "A". Ana ekri lèt "A" nan adwaz la. Ana kontan, li konn li lèt ak son "A".



j_e



n_a-je




m_an-je



m_an-m_an

 de nat Me mas je nap ann bann

 egal ede naje manje manman
anana Nadin Elèn mate flannen lanmè


 Mwen gen de je pou mwen li.
De plis de egal kat.
Nadin ak Elèn renmen naje.
Manman Nadin renmen fè ji anana.
Fèt mwen se de (2) Me.

Fèt Travay ak Agrikilti



An Ayiti, Premye Me se fèt Travay ak Agrikilti. Jou sa a, anpil lekòl selebre enpòtans pyebwa. Tout paran elèv ki nan lekòl la toujou patisipe. Elèv yo ak pwofesè yo pote pyebwa. Yo plante nan lekòl la.

Nan jou sa tou, Lameri toujou òganize bèl fèt. Tout travayè ak pwofesè ki nan lekòl yo fete. Fèt Travay ak Agrikilti se yon gwo fèt.



o s-lè




s ou-lye





s a-pat



sir-è t

 yo do so fè po sèn jwèt dwèt pou kou moun

 oke orevwa sirèn serye sove poto
Okay soulye koute salye poupe balèn
oblik laplèn alimèt sirèt konparèt

 Tout timoun koute kontin yo.
Moun lavil Jeremi fè bon konparèt.
Poupe ka mete soulye men yo paka manje sirèt.
Ki kote pou ou fè pou ale Okay?

Lala ak Tanya



Lala ak Tanya se de bon zanmi. Yo renmen jwe ak poupe anpil. Lala genyen yon poupe mawon. Tanya genyen yon poupe mawon ak woz. Poupe Lala a gen soulye woz. Poupe Tanya a genyen soulye ble. Lè y ap jwe, yo manje sirèt ak konparèt. Men, poupe yo pa konn manje.

Leson 97 Revizyon

u i a l i p e n m a n o o u s è



uit zuit suit nuit suiv kuit vil luil
pat pil rap liv de nat Me mas je
nap ann bann yo do fè po sèn jwèt
dwèt pou kou



andui zegui dizuit bisuit kuizin inifòm
fanmi lavil inite anpil Petyonvil
anana Nadin Elèn mate lanmè salye
poupe balèn oblik laplèn alimèt sirèt
konparèt



Fanmi Ana yo rete Petyonvil.
Nadin avèk Elèn genyen anpil jwèt.
Yo gen poupe, yo gen oslè avèk yoyo.
Genyen yon gwo balèn nan lanmè a.
Mwen genyen senk dwèt nan men mwen.
Premye Me se fèt travay.


Ou toujou bèl



Ant sizan e uitan, se laj timoun chanje dan.
Elèn gen uitan. Li fèk chanje de dan devan.
Elèn pè pale ak ri. Li pa vle timoun yo wè li
manke dan. Zanmi Elèn yo di li pou li pa pè
pale. Se tout timoun ki gen pou chanje dan.
Menmsi ou manke dan, ou toujou bèl. Depi lè
sa a, Elèn pa pè ri ankò.



kl as



pl im





bl ad



gl as

 ble klas plim blad glas klou plat
glòs plen

 blow glase eple bliye pliye blayi klise
glise glasi Gladis double klouwe plasti
aplike resikle

 Timoun yo ap bay blad yo van.
Yè pye Gladis glise sou glasi a.
Èske ou ka eple mo sa a : plastik?
Klou a pete blad la. Blad la fè Blow !
Nan klas la, timoun yo renmen eple mo.
Plen poul sou glasi a.

Madmwazèl Gladis



Gladis se madmwazèl klas mwen an. Li renmen tout elèv nan klas la.

Gladis renmen fè nou eple anpil mo. Depi gen fèt, li ede nou bay blad van. Li toujou di nou resikle tout boutèy plastik. Li di nou tou: "Mete tout fatra nan poubèl."

Nou renmen Gladis anpil. Li renmen fè nou li epi eple anpil mo.



k_afe




r_ad





en-dy_en



y_anm

 ri yo yi kal kat kòf kif kès kas men
pen ren sen fen len rat riz rim rit
ram yan yan yòl rak yanm kalm fent

 peyi keyi reye rive raje rele mayi
kalme kafou malen kabrit ravin rivyè
kribich endyen penyen benyen enfimyè

 Kalin renmen mayi ak ragou.
Endyen yo se premye abitan peyi a.
Ravin nan desann nan jaden an.
Yè, Manman Emil ale Akayè.

Jaden kokoye kay Eli a



Ana renmen kokoye anpil. Yon jou, Ana ale kay Eli pou keyi kokoye.

Jaden an te plen ak pye kokoye. Lè Ana rive nan jaden an, li kontan anpil.

Li mande Eli konbyen kokoye li ka keyi.

Eli reponn :

- Ou kapab keyi kantite ou vle.

Ana reponn Eli:

- Mèsi, mwen renmen kokoye ki sikre epi ole.

Ana keyi sis kokoye pou fanmi li. Ana kontan anpil.



o t o-bis



ò di-na-tè



w out



b a-lans



po so mo fo lo òg òf wa wi ògàn kòt
fò wo wout bèk bis wouj bòk blag blan
wou bouch wonn bank




oto òkès biblo blayi bote poto òfèv
woze mayo gato moto oryòl Santo
òganize ògeye mawon òdinatè bale
bekann wanganègès



Otobis la pa pral Okap jodi a.
Òkès la jwe bèl mizik.
Woje renmen koulè wouj
Bòb renmen manje bannann.

Vwayaj Okap



Bis ki pral Okap vwayaje tout jounen.

Sou wout okap la, gen anpil lòt bis.

Gen bis ble, blan, jòn, wouj.


Pou vakans lan, nou te ale Okap. Nou pran yon pàn kawotchou. Nou kanpe bò wout la pandan dezèd tan.

Tout kò mwen te fè mwen mal.

Vwayaj Okap se yon bèl plezi. Men, mwen pa renmen pàn kawotchou.



v aliz




g alon





f èy



d odin

 gi ga vag val vis vòl vaz vòt ge gaz
gri gòl gran fil fant fig fot fay fòk
dal dan dri di dan douz grès gòm

 vakans vaksinen volebòl vide vomi
gaspiye gaye gate grimas fanal fayit
foto figi filo file danti danse dal dòmi
dat dirije.

 Vakans se lè timoun amize yo.
Gadyen an bay yon gòl .
Fanatik yo kontan ekip la genyen match la.
Dan nou dwe lave twa fwa pa jou.

Vakans lan rive



Vakans fen dane a rive.

Anpil elèv ap fè anpil efò pou yo pase. Tout elèv vle ale an vakans ak paran yo. Yo prale benyen nan lanmè ak zanmi yo. Men gen timoun ki pral aprann danse yanvalou. Fanatik foutbòl pral nan match.

Vakans se moman detant.

k e n r y o ò w b v g f d



w òb




b alon




d ife



g ato

 kòf kòt ren men rad rato yan
mayi mak mat pèt jòj gòl bòl wouj
wout bann vide vire vid gwo glon gòj
foul fouy fad denn

 Kola krapo engredyan renmen bouyi
peyi Okay otè woulib woule bandwòl
banbou vaksin viktwa galèt gita
fondasyon fouye dra danre diri dirije
dikte danse

 Kalin renmen mayi bouyi.

Otè a ekri yon bèl liv ki gen po wouj.

Valiz la gran anpil, li fèmen ak yon
kadna.

Valiz Ana a



Manman Ana fè li yon sipriz. Li achte yon bèl valiz wouj pou Ana. Ana kontan anpil. Li remèsye manman li pou bèl kado sa a. Ana abiye ak yon bèl wòb ak flè ble. Li pote valiz wouj li nan do li. Ana pwomèt manman li yon bèl mwayèn. Poutèt sa, Ana toujou ap repase leson li. Jou remiz kanè yo, Ana kwè l ap reyisi.




J ako





z wazo



ch at

 Jij jis jif jire jak kaj jòb zèt zip zo
zòn zèt zanj chan chal chik chen chat

 Jij jistis jijman jire jako kafou joli
zou zwazo zile zig zag zòrèy zen
chans chanje cheve chat chou cheniy.

 Chemiz Emil la jòn.
Zile a gen anpil jako ak zwazo.
Chen ak chat se bon zanmi.

Zile lespwa



Chak swa tout timoun rasanble anba tonèl Ton Jak.

Yo tout vle koute bèl istwa sou zile lespwa.

Zile lespwa te pi bèl zile nan karayib la.

Zwazo ak Jako te konn fè nich yo la.

Se la tou yo te konn chante bèl chante.

Bèl koulè lakansyèl te toujou parèt nan syèl la.




br_a



kr_eyon



pr_ens



tr_ase



brak brik briz bri bren bra kri kras
kre krè kran pri prent pre pren pran
pren tri tren trak tran tris trè



branch brase brav brak briz bren brik
kras kraze kreyen kreye kriye kreyòl
pran prive priye primè prens prim
tranche trete trezò triye travay tris




Branch pye mango a kase.

Kravat wouj la sou kabann nan.

Pratik la pote dous la pou manman m.

Travay papa m nan tou prè lekòl la.

Zile lespwa (suit)



Zile lespwa pa konsa ankò. Anpil moun ap koupe pye bwa. Yo pa plante lòt.

Anpil kote solèy la cho anpil. Anpil rivyè seche. Zile lespwa pèdi espwa. Men, gen jèn timoun, gen lavi.

Yo deside pou bay zile lespwa yon lòt figi. Chak fwi yo manje yo ap plante grenn nan. Jodi a, gen kèk pye bwa ki pouse.


Zile lespwa toujou la.



fr_ esko



dr_ apo



gr_ ap



fren frè fran fre frap fra dra dri
dren dre dral dril gra gran gren gri
gras grès vre vri vra vrè vrin vren




fraz fritay frechè frennen franchiz
frize drapo dril drenaj droum dròl
gran grandi grosi granpè granmè grenn
vrèman vre vrè



Frijidè a gen anpil glas.
Dra kabann mwen an pa sal.
Gran frè m nan gen dizan.
Mwen kwè vrèman elèv yo ap nan fèt la.

Fwomaj granpè Fara a




Granpè Fara renmen fwomaj anpil. Fara pote yon bwat fwomaj pou li. Li kontan anpil. Li di li mèsi.

Maten an, li pral prepare yon bon pate.

Dabò, li prepare pat li. Ansuit, li pile aransò ak epis. Apre sa, li melanje yo ak zonyon. Pou fini, li prepare pate yo. Li mete fwomaj ladan yo. Li fri yo.

Fara di: "Pate a santi bon." Yo manje pate vant deboutonen.

Pwason zile Lagonav



Matènwa se yon vilaj nan Lagonav. Gen anpil pechè nan Matènwa. Pechè yo toujou prepare nas ak bato yo lavèy.


Jou pèch la, yo leve bonè pou ale peche. Jou maten sa a, pechè yo pran anpil pwason.


Pechè yo toujou bay vwazen yo kèk pwason. Yo konn bay de oubyen twa pwason.


Yo bay ti pwason yo manje. Yo kite yo grandi. Ti pwason jodi vin gwo pwason demen.

Leson 107 Peryòd Revizyon

ch kr pr tr br fr dr gr vr pw sw, tw vw

 chou chout chan chante chal chank
krè kri kriz kren kra krèt pre pran pri
pra pren vwa vwal vwou wvon vwe vwi

 jipon zanj chen kran privew triye
branch fritay drapo grandi vrèman
pwason pwazon swen twal vwal twati

 Drapo ayisyen an ble e wouj.
Machann fresko a gen bon siwo.
Prete mwen twa goud pou mwen achte yon
fresko.
Chemiz la gen tach lank sou li.
Ekip la bat twa gòl a zero.
Pwason ak bannann gou anpil.

Swen ijyèn



Fòk nou gen bon ijyèn pèsònèl. Fòk cheve ak kò nou pwòp. Fòk men nou, dwèt ak pye nou pwòp. Fòk rad nou ak anviwònman nou pwòp. Chak maten ak chak swa, fòk nou bwose dan nou. Nou dwe lave men nou, penyen tèt nou. Lè n ap benyen, nou dwe lave tout kò nou . Aprè sa, nou dwe chanje rad nou. Li enpòtan pou nou pratike bon ijyèn.



bw è




kw a





lw ès



nw a-si

 bwa bwi bwo bwou bwat kwa kwen
kwi kwo kwè kwit lwa lwe lwi lwan
lwen lwil nwa nwe nwi nwèl nwè

 bwason bwè bwate bwose bwote
kwen kwit kwè kwasans kwayan
lwazi lwanje lwayote lwen lwil
nwa nwasi nwaye nwèl nwasè

 Bwè dlo enpòtan pou kò nou.
Potoprens nan lwès peyi Ayiti.
Mwen te bay nwasi soulye a.
Mwen kwaze plizyè bwa kokoye pou mwen fè
kap.

Lwiz ap aprann naje



Lwiz rete Matènwa. Li renmen lanmè men li pa konn naje. Li renmen gade moun k ap naje nan basen. Li mande manman l pou aprann li naje. Se premye fwa Lwiz t ap kòmanse aprann naje. Manman li montre li tout teknik yo. Lwiz aprann byen vit. Li naje san li pa bwè dlo. Li kòmanse al naje nan rivyè a. Lwiz kwè li ka vin naje byen yon jou.

Samdi ak dimanch



Mwen renmen samdi ak dimanch.

Avan samdi se vandredi. Vandredi se dènye jou lekòl nan semèn nan. Samdi nou pa soti. Se jou nou netwaye lakay ak jwe.

Dimanch se jou timoun ale flannen ak zanmi yo. Nou ale vizite jaden. Gen de lè, nou ale bò lanmè. Apre dimanch, se lendi. Lendi, se jou nou pare pou nou tounen lekòl.

Fèt an Ayiti



Pandan ane a, nou fete plizyè fèt. Nou fete premye janvyè, ki se jou endepandans Ayiti. Nan mwa fevriye nou gen kanaval. Apre sa, nou fete fèt drapo nou 18 Me. Nan mwa Novanm, nou fete lèmò ak batay Vètyè. Finalman, an desanm, nou fete Nwèl ak fendane.

Gen plizyè lòt fèt ankò ayisyen selebre. Gen fèt chanpèt, gen fèt patwonal, gen fèt travay.

Dans papiyon



Ema al nan jaden flè papa li a. Gen bèl flè ak plant nan jaden an. Ema ap gade tout kote. Flè ki te parèt depi yè yo toujou bèl. Yo anpenpan. Ema keyi yon bèl flè wòz ak blan. Li mete li nan cheve li. Koulè flè yo atire yon papiyon. Chak pa Ema fè, ti papiyon an suiv li. Se kòm si yo t ap danse.

Leson 112 Revizyon Final

bw, kw, lw, nw, a, l, i, p, e, n, m, an, ch, z, ui, pl



bouch grès jòn tann nuit flèch fwèt chèz
suiv vwal chwal plim jwenn fwèt chenn dwe
mòn frèt twòp uit kwè mwens lwen grann



chwazi vwayaje resevwa eskalye mawon
kòmansman ansuit twalèt pwovizyon zwazo
twazyèmman mezanmi pwomennen pyebwa
pwovizyon marengwen prediksyon kouzin
dezyèmman prekosyon madmwazèl kawotchou
esplikasyon plizyè vwazinaj swete bibliyotèk



Chak maten, mwen ranje kabann mwen avan
mwen sòti.

Direktris la sonnen klòch pou rantre nan klas la.

Mwen gen difikilte pou mwen jwenn repons lan.

Èske ou ka ede mwen souple?

Fòk ou mande esplikasyon si ou pa konprann.

Bonjou kouzin Belinda, (1)



Bonjou kouzin Belinda,

Mwen rele Sara Platon. Mwen kontan konnen mwen gen yon kouzin. Mwen gen setan. Mwen nan premye ane fondamantal.

Mwen gen de frè epi yon sè. Sè mwen an, Alina gen disetan. Li pi gran. Gran frè mwen an rele Emil. Dènye ti frè mwen an rele Michel. Li gen nèf mwa.

E ou menm? Ki jan fanmi ou ye?

Mwen ap tann nouvèl ou byen vit.

Kouzin ou,

Sara.

Machann kenkay



Katrina se yon bon machann. Li ap vann sou katye a. Li vann anpil machandiz. Li vann bwòs dan, pat, savon ak pwodui netwayaj.

Chak maten, avan solèy leve, li enstale machandiz yo. Kliyan yo renmen achte nan men li. Li gen pasyans ak jantiyès. Ou pa bezwen gen anpil kòb. Li pa vann chè. Katrina gen kliyan toupatou. Li vann tout moun ak kè kontan.

Yon machann bannann



Jodi a, Bòs Gaston al nan mache bonè. Li wè bèl bannann, li deside machande.

Li di:

- Ala bèl bannann!

Machann nan di: Se swasant goud pat bannann yo.

Bòs Gaston reponn: Li twò chè.

Machann nan di: Se bon bannann peyi wi.


Bòs Gaston di: Mwen ofri ou karant goud.

Machann nan di: Oke, ou mèt achte.

Bòs Gaston peye karant goud la.

Machann nan ak Gaston satisfè.

Sam ap fè travay



Maten an, Sam vle fè travay nan kay la. Dabò, li ale pran dlo. Epi, li wouze flè ki nan jaden an. Apre sa, li kuit pitimi ak pwa. Ansuit, li mete yo sou tab la. Li manje epi li bwè ji kowosòl. Pita, li ale flannen sou plas la. Li bay blag ak zanmi li, Danton. Lè labrin tonbe, Sam tounen lakay li. Li fè lè pou li dòmi.


Yon bèl pwomnad




Yon samdi, zanmi Tamara yo ale fè yon pwomnad. Tamara pa te ka ale nan pwomnad la. Dabò, yo flannen sou katye a. Ansuit, yo vizite pak Istorik la. Pak Istorik la se yon bèl kote. Li gen anpil pyebwa. Li gen kanno ak boulèt. Timoun yo fè tout kalite jwèt nan Pak la. Yo fè ligo kache, Yo jwe ak pijon yo.

Jou sa te yon bèl jounen pwomnad.

è en o ou k y s kl kr pr tr

 kòf kout ren men po yan wouj wout gwo do
kri kle yo klou ken lè si pwo tra you kè klen
pren tras klas sou sè swen mè

 Kola krapo engredyan renmen bouyi peyi
Okay otè woulib woule banbou galèt fouye
danse dikte klere kravats priz kleren koridò
triye tritri Soulouk ekip prizon krikèt prese
traka fondasyon

 Kalin renmen mayi bouyi.

Papa Katrin te konn vin Pòtoprens.

Yanik ap triye diri Madan Gougous.

Krapo renmen manje krikèt.

Chapant lan ap klouwe pòt la.

Karanklou se yon bèt ki sinik.

Simòn renmen benyen nan kanal.

on ò w b




m on t




k w a





z òrèy




b an-nann

 bòl bòt bon ban bous bab boul krab bèl on
son pon kon kont plon non wòl mòn tòl,
pèt kòs kòl wi wo wa wou wè wont woy

 Monte kanson sonnen kontan Sonson wotè
woule mawon kawo wòch lekòl kowosòl
aransò bòl kòmanse wòz benyen balon
bokit bridsoukou labouyi

 Benita mete bous li a nan sak mawon an.
Emil ak Melina rete lekòl la pou yo li.
Tina ale nan lari a ak anpil prekosyon.
Ali sou wout lakay li ak sè li yo
Pantalon Tonton Mina a sal ak lakrè.
Salomon rakonte anpil kont sou katye a.

Jou fèt Tamara



Jodi a, se fèt Tamara. Papa li ba li yon bekàn. Tamara kontan. Jou fèt la tonbe yon samdi. Li ka kòmanse aprann monte bekàn nan. Papa li te pwomèt li sa. Papa li di :

- Bòn fèt, pitit mwen ! Ou sonje pwomès mwen an? Tamara reponn:
- Ou te fè mwen yon pwomès. W ap aprann mwen monte bekàn.
- Kounye a, nou pral aprann monte bekàn.

Vizyalizasyon 1




Kesyon

1. Kisa nou wè nan imaj la ?
2. Kilès nou wè nan imaj la ?
3. Kisa yo ap fè ?
4. kisa nou wè deyè timoun yo ?
5. Sou kisa tifi a chita ?
6. Kisa ki nan men timoun yo ?
7. Kisa yo ap fè ?
8. Kisa nou panse ki pral pase daprè imaj sa a ?

br kr tr pr




br a



tr aktè



la-kr è



pr iz



bra, bre, bri, bran, pra, pre, pran, prè, pran, kras, kre, kri, kran, tra, tre, tran,



kremas, lakrè, krep, pratik, pratike, prale, traka, trankil, triye, brase, brize, branka, kris, krèm, kremas, lakrè, trase, kras, pri, priz, pran, kri, kran, pòtoprens



Katrina ap ekri yon lèt.

Katrina prale pre lanmè a.

Papa Katrina sot potoprens depi 3 semèn.

Pratik la tris, li pa ri menm.

Patrik renmen vin Pòtoprens ak Papa Katrina.

Tamara ap monte bekàn



Jodi a, Tamara ap flannen ak bekàn li. Kounye a, li konn monte bekàn byen. Apre de semèn, li ka ale anpil kote. Li fè tou katye a. Li ale bò plas la. Kounye a, li pare pou li ale nan Pak la.

Avan, li te gen difikilte, li te pè. Li pa te vle tonbe. Men, papa li te ankouraje li.

Tout moun felisite li. Tamara kontan anpil.

Vizyalizasyon 2



Kesyon

1. Kisa nou wè nan imaj la ?
2. Kilès nou wè nan imaj la ?
3. Kisa yo ap fè ?
4. ki kote timoun yo ye ?
5. Sou kisa timoun nan chita ?
6. Kisa ki nan men timoun nan ? Kisa li ap fè ?

bl vl bw






bl _ ad



an-vl _ òp



bw _ òs

-  Bla, blan, blen, vlou, vle, vlò, vla
Bwa, bwè, bwi, bwò, bwen,
-  Blan, bwi, blanchi, blad, vlope, vloup
Vladimi, vle, bwa banbou
-  Vladimi bwose tèt li chak maten.
Vloup ! Chat la gentan vale sourit la.
Katrina vlope kado pou l bay grann li.
Bwason sa a pa bon pou timoun.
Mari bliye bèl flè woz li a kay matant li.
Mwen renmen diri blan ak legim kalalou.

Pak Lavizit



Leta Ayisyen an te kreye Pak Nasyonal Lavizit. Pak la te kreye an 1983. Li nan departman Sidès. Pak la se yon refij pou plant ak bèt. Nan pak la, gen divès kalite bèt. Gen 17 kalite krapo. Gen 19 kalite reptil ak 80 espès zwazo. Genyen anpil pyebwa tankou bwapen ak sapen.

Vizyalizasyon 3



Kesyon

1. Kisa nou wè nan imaj la ?
2. ki kote li ye ?
3. Sou kisa li kouche ?
4. Kisa li ap fè ?
5. Kisa nou panse ki pral pase daprè imaj sa a ?

kw lw nw




Kw...a





lw...il



nw...a-ye

 Kwa, kwi, kwo, kwe, kwen, kwè, Lwa, lwi, lwen, lwè, lwe, nwa, nwi

 Kwakou, kwi, kwoke, kwen, akwe, Lalwa, lwil, lwen, lwè, lwe
Nwaye, nwa, nwizib, nuit, nwasi

 Kiltivatè yo plante pwa nwa pou sezon sa. Ti krikèt la soti pou li nwaye, Franswa sove li. Tout nuit lan, Madan salomon ap fè lwil maskreti. Ala ti bèt nwizib se marengwen.

Lalwa anmè anpil men li fè bon remèd.

Lwil morenga fè bon manje. Li bon pou anpil maladi.

Jodia, Kwakou al manje kay Madan Salomon.

Madan Salomon kwit diri kole ak sòs pwason sale.

Pak Lavizit enpòtan



Chak ane anpil moun vizite Pak Nasyonal Lavizit. Vizitè yo soti toupatou. Yo soti nan peyi a ak lòtbò dlo. Yo admire peyizaj la ki se yon mèvèy lanati. Yo mache, yo monte bisiklèt. Yo kontanple tout bèt yo pa wè fasil. Yo respire bon lè fre. Distans pak la ak vil Pòtoprens pa lwen. Pak Lavizit se yon rezèv natirèl enpòtan sou latè. Tout moun dwe pwoteje li.

Vizyalizasyon 5



Kesyon

1. Kisa nou wè nan imaj la ?
2. Kilès nou wè nan imaj la ?
3. Kòman li abiye ?
4. Kòman li chita ?
5. Kisa li ap fè ?

Tamara ap monte bekàn



Pandan gran vakans, Tamara monte bekàn anpil. Chak jou, li ogmante kantite wout li fè. Yon jou, li ale bò lekòl la. Apre sa, li ale bò bibliyotèk la. Finalman, yon jou, li rive sou plas la. Papa Tamara wè li fin fò. Li di: "Ou pare pou ale nan pak la"? Tamara reponn:

- "Wi papa mwen santi mwen pare".

Nou pral chwazi yon dat pou nou ale ansanm".

Vizyalizasyon 6



Kesyon

1. Kisa nou wè nan imaj la?
2. Kilès nou wè nan imaj la?
3. Kòman li abiye?
4. Ki koulè rad ki sou li?
5. Kisa li genyen nan men li?
6. Kisa li ap fè?

Pye zanmann



Pami tout pyebwa, se pye zanmann mwen pi renmen. Li bèl epi li bay bon lonbray. Lè solèy cho, mwen chita anba li pou frechè.

Gen moun ki bouyi fèy la pou fè remèd. Yo konn mete konprès fèy zanmann pou desann tansyon. Grenn zanmann fè bon tablèt. Anpil timoun renmen manje tablèt zanmann pandan rekreyasyon.

Pye zanmann se bèl kado lanati ban nou.



alantou lapli kaporal anvlòp kowosò
flèdizè sabliye premyeman layilòn
yanvalou



Janjan ale keyi kowosòl nan jaden Papa li a.
Gran sè Janjan ale lave nan sous la a dizè.
Manman ak papa timoun yo pote anvlòp bay
kaporal la.

Granmoun yo ale nan mache a.

Granmoun yo wè plizyè machann.

Gen machann flè, zaboka, vyann ak machann
fil layilòn.

Lè granmoun yo ap tounen lakay yo.

Larivyè desann paske te genyen yon gro lapli.

Papa Emil renmen l



Papa Emil ba li anpil atansyon ak afeksyon. Li travay tout jounen. Men lè li la, li li avèk Emil. Li etidye avèk li tou. Papa Emil vle li reyisi. Li toujou ap ankouraje Emil travay byen lekòl. Lekòl se lavni. Li renmen jwe avèk li tou. Papa Emil vle pou l viv byen ak moun. Papa li vle pou l vin yon bon sitwayen.

Emil renmen papa li anpil.



chenpanze, Penpennen, panzou, amazòn, sentsèn, choublak, reponn, savann, machin, dodàn, Simòn



Nan peyi brezil geyen yon gwo forè ki rele Amazòn.

Simòn, monte sou dodàn ki nan lari a pou li ale nan forè a.

Simòn rankontre Ema nan forè a, li ba li yon panzou.

Zanmi yo pran machin yo ale nan legliz bò savann nan.

Pastè a bay sentsèn men yo pa pran.

Timoun yo retounen lakay yo.

Tout sou wout la, yo wè flè yon bèl pye choublak ak tizwazo k ap chante sou tout pyebwa yo.

Vizyalizasyon 7



Kesyon

1. Kisa nou wè nan imaj la ?
2. Kibò ti zwazo a ye ?
3. Kisa li ap fè ?
4. ki koulè li ye ?




machwè pyebwa zetwal espwa zuilit
nwaye jwaye gwayav lakwa lalwa




Syèl la gen anpil zetwal. Genyen anpil espwa.
Kè ni gwo pyebwa ni ti pyebwa yo kontan y
ap jwaye. Yon ti kadè aprè, loray kòmanse
gwonde. Syèl la gen anpil nyaj gri fonsè ladan
li. Lapli kòmanse tonbe, li taye banda li sou
tout pye bwa lalwa. Pye gwayav yo pa kontan
paske yo nwaye anba dlo.


Manman mwen renmen mwen



Manman mwen pran swen mwen, li pwoteje mwen. Li vle pou mwen onèt. Li di se pou m gen respè pou tout moun. Li viv trè byen ak papa mwen. Manman mwen konn pati byen lwen. Men, li kenbe kontak ak mwen. Li aprann mwen renmen tout moun.

Manman mwen ak papa mwen se modèl mwen. Se yo mwen ap suiv chak jou. Manman mwen renmen mwen anpil.

 blagè, lèzanglè, kriye, prizonye, trennen, braslè, fritay, drapo, gratis, davril

 Nan mwa davril la, mwen te ale lèzanglè. Gen yon blagè ki sou plas la ki toujou abiye byen fen. Blagè a gen yon braslè ak yon bèl drapo peyi Ayiti nan men li. Blagè a renmen manje fritay, li toujou ap bay moun yo blag gratis ticheri. Tout moun sou plas la toujou ap ri mesye jistan yo kriye.

Ali reyisi lekòl



Ali genyen setan. Chak maten, li leve bonè pou li prepare li. Li manje epi li pran wout lekòl la. Ali toujou rive lekòl avan klòch sonnen. Li gen anpil disiplin. Lè pwofesè a ap pale, li fè silans. Epi, li poze kesyon. Ali toujou etidye leson li. Li fè devwa li. Se sa ki fè, lè egzamen rive, li fè bèl mwayèn. Bravo pou Ali !!!

Glosè

Agrikilti:

aktivite travay latè pou plante oubyen rekòlte tout kalite manje.

Alantou :

ki pa lwen, ozalantou.

Enterese :

pote atansyon, motive.

Kokennchenn:

gro anpil, ki pran anpil espas.

Lanati :

anviwonman ki gen pyebwa, bèt, dlo eksetera.

Plan:

grenn bwa osinon rasin yon moun chwazi pou li plante.

Plas :

espas yo amenaje ki gen pyebwa, chèz, moun ka vin pase ti moman. Yo souvan rele yo plas piblik.

Pratik :

machann ou achte souvan nan men l.

Pwomèt:

fè pwomès. Fè yon òf. Asire yon bagay.

Remesyè :

di mèsi.